

Pa rete tann, Chèche Pran yon Asirans pou Inondasyon pou Sizoka

Release Date: Desanm 6, 2023

Anpil moun ki ap viv Florida panse yo pa bezwen pran asirans pou inondasyon. Yo pa p viv nan zòn inondasyon ki gen gwo risk inondasyon. Men nenpòt kote kapab inonde, anpil fwa rezidan yo pran sipriz paske yo te panse asirans te kouvrí yo pou katastwòf. Lè gen inondasyon anpil fwa kontra asirans pwopriyete kay yo pa kouvrí domaj yo. Yon pou dlo inondasyon kapab rive lakoz jiska \$25,000 domaj nan yon kay.

Sa rive souvan pou Florida inonde. Apre sikhòn Idalia, plis pase 5,000 reklamasyon pou inondasyon depoze nan Pwogram Asirans pou Inondasyon Nasyonal la (National Flood Insurance Program, NFIP) ak yon total ki gen yon total plis pase \$300 pou dat jodi a, ki fèmen plis pase 85% reklamasyon NFIP yo nan 90 jou apre katastwòf la. Antou, Sèvis Edikasyon ak Sansibilizasyon pou Diminye Risk yo Konseye plis pase 11,000 sivivan sou NFIP ak lòt mezi pou diminye risk yo. Pwogram asirans pou inondasyon a gen plis pase 1.7 milyon asire nan eta ak yon total kouvèti asirans ki plis pase \$448 milya.

Pwopriyete imèb rezidansyèl ak biznis yo ak tout lokatè yo kapab pwoteje tèt yo pou yo pa fè pèt finansye le yo gen yon kontra asirans pou inondasyon nan NFIP pou kapab asire bildinn ak/oswa sa yo posede. Kouvèti asirans pou inondasyon an disponib kèlkeswa deklarasyon federal pou katastwòf. Gen yon peryòd datant ki se 30 jou avan nouvo kontra an vigè, donk pa tann pou fè yon kontra.

Nan Florida, gen 468 kominate ki patisce nan NFIP; 10 kominate ki pa patisce. Rezidan yo kapab pran yon kontra asirans pou inondasyon si kominate yo a patisce nan NFIP, kèlkeswa risk inondasyon yo. Kouvèti yo disponib pou bildinn rezidansyèl ak komèsyal yo ak byen yo gen ladan yo:

- Gen jiska \$250,000 kouvèti asirans pou bildinn ak jiska \$100,000 kouvèti asirans pou byen pou estrikti rezidansyèl moun ki pou kont yo rive jiska 4 moun nan yon fanmi.



FEMA

Page 1 of 3

- Gen jiska \$500,000 kouvèti asirans pou bildinn ak jiska \$500,000 kouvèti asirans pou byen pou estrikti rezidansyèl moun ki pou kont yo rive jiska 5 moun nan yon fanmi.
- Gen jiska \$500,000 kouvèti asirans pou bildinn ak jiska \$500,000 kouvèti asirans pou biznis.

Kòm sa fè pati asistasn pou katastwòf li, FEMA bay pwopriyete kay ak lokatè Kontra pou Asirans Inondasyon An Gwoup (Group Flood Insurance Policies, GFIP) apre Siklòn Idalia. Kontra an Gwoup yo se pou 36 mwa sètifikasi asirans NFIP pou sivivan katastwòf yo ki ap viv nan zòn inondasyon ki a risk, ki gen domaj lakoz inondasyon an, pa gen asirans pou inondasyon epi resevwa asistans pou katastwòf nan FEMA. Lè yon sètifikasi GFIP ekspire, sivivan responsab pou pran ak jere asirans pou inondasyon li. Si pa rive jere asirans pou katastwòf la sa pral afekte kalifikasyon yo pou lòt asistans pou katastwòf alavni.

Pou kapab fè yon kontra, kontakte konpanyi asirans ou oswa yon ajan. Anplis NFIP, asirans pou pwoteksyon an disponib tou lakay kèk founisè asirans prive. Pou referans yon ajan, rele nan 800-427-4661 oswa ale sou <https://www.fema.gov/flood-insurance>.

Katografi FEMA ak Echanj asirans (FEMA Mapping and Insurance eXchang, FMIX)

Espesyalis nan Sant Swen Kliyantèl Katografi FEMA ak Echanj asirans (FEMA Mapping and Insurance eXchang, FMIX) kapab ede w ak kesyon sou katografi ak asirans inondasyon an. FMIX bay tout enfòmasyon ou bezwen pou pran desizyon ki eklere sou ni asirans ak risk ki pou pwoteje lavi ou te bati a. FMIX konekte kliyan yo tou ak espesyal ekspè teknik yo nan sijè tankou modèl, katografi GIS, asirans sou abònman ak reklamasyon, lojisyèl estimasyon pèt Hazus yo.

[FMIX | Floodmaps | FEMA.gov](#)

Kontakte Nou: 1-877-336-2627

Imèl: FEMA-FMIX@fema.dhs.gov

Pou dènye enfòmasyon sou reyabilitasyon Florida apre Siklòn Idalia a, ale sou floridadisaster.org/info ak fema.gov/disaster/4734. Suiv FEMA sou X, ansyen non Twitter sou twitter.com/femaregion4 ak sou facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 3

Jwenn plis enfòmasyon nan fema.gov



FEMA

Page 3 of 3